

Ou te rate delè aplikasyon Kindergarten lan? Ajoute pitit ou a sou lisdatant yo jodi a

Chè fanmi,

Si w te rate delè pou aplike pou kindergarten lan, ou ka toujou patisipe nan admisyon yo si w ajoute pitit ou a sou lisdatant pwogram yo! Fason ki pi rapid la pou fè sa a se sou entènèt avèk [MySchools](#)—aprann kòman nan videyo “[Jan pou ajoute pitit ou a sou lisdatant yo](#)” nou an.

Ou poko gen yon kont [MySchools](#)? Li fasil pou kreye youn—aprann jan pou fè l nan videyo nou an “[Kòman pou kreye yon kont MySchools](#)”.

Èske w gen kesyon sou admisyon nan kindergarten oswa ou bezwen sipò? Gen plis enfòmasyon nan [sitwèb](#) nou an, rele nou nan 718-935-2009, oswa ale nan [Sant Byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Bon siksè,

Ekip admisyon kindergarten lan

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nou an nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa tout lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis.